



Pou Piblikasyon Imedya: 05/04/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL FELISITE 20 NOUVO DIPLOME AKADEMI LAPOLIS PAK ETA NEW YORK LA

### *Nouvo ofisye yo ede pwoteje rekò 84 milyon vizitè anyèl sistèm pak la*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 20 nouvo diplome 18yèm Lekòl Bazik nan Akademi Lapolis nan Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta New York (New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation, OPRHP) (Pak Eta yo). Apre sis mwa fòmasyon entans, yo pral plase nouvo ofisye sa yo nan rejyon an pou sèvi 250 pak ak sit istorik eta nan New York yo. Ane pase a, sit sa yo te atire yon rekò 84 milyon vizitè.

"Jodi a, nou rekonèt 20 nouvo ofisye ki te entèvi pou pwoteje moun New York yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Manm Lapolis Pak Eta New York yo travay chak jou pou pwoteje vizitè Pak Eta nou yo, lè yo sèvi avèk fòmasyon espesyalize yo pou reponn a tout kalite sityasyon. Nan non tout Nouyòkè yo, mwen felisite ak di mèsi a tout diplome yo ak fanmi yo."

Gradyasyon an te fèt jodi a nan Hall of Springs nan Pak Eta Saratoga Spa. Pandan sis mwa ki sot pase yo, rekrute yo te nan fòmasyon rezidansyèl nan Akademi Lapolis Pak Eta nan Rensselaerville, Konte Albany.

**Komisè Tanporè Pak Eta New York la, Randy Simons, te deklare,** "Apre nou fin pase yon fòmasyon solid, nou fyè pou nou akeyi nouvo diplome sa yo nan ran Lapolis Pak nou yo. Devouman yo pral ede kenbe yon anviwònman an sekirite ak akeyan pou plizyè milyon vizitè ki vin jwenn nou chak ane. Pandan n ap selebre Santènè sistèm nou an, nou vle fè kliyan nou yo konnen sipò Gouvènè Hochul, lejislati a, ak lidèchip lapolis nou an ki ede kenbe pak ak sit yo an sekirite."

**Direktè Asistan Pak Eta Lapolis Pak, Kolonèl Michael Daddona, te deklare,** "Felisitasyon pou nouvo klas ofisye polis pak sa yo. Devouman ak sipò fanmi w fè sa tounen yon jou ki trè enpòtan. Mwen pa ka tann pwochen etap la pou m aprann nan men ekip devwe nou an nan Lapolis Pak Eta New York la. Fòmasyon yo prepare yo pou yon karyè difisil ak gratifyan – soti nan fòs de lòd, investigasyon ak move tan – sou forè, vwa navigab ak santye Eta New York yo."

Fòmasyon an te gen ladan ansèyman nan sal klas sou Lwa sou Pwosedi Kriminèl, Lwa Penal, Lwa sou Machin ak Sikilasyon, Lwa sou Pak ak Lwazi, ankèt kriminèl ak yon seri lòt sijè ki gen pou wè ak lapolis. An plis, rekrute yo te resevwa fòmasyon pratik nan zafè zam, premye swen, fonksyonman motonèj, fonksyonman ATV, fonksyonman veyikil ijans yo, ak yon gwo varyete lòt sijè pou pèmèt yo fè moun respekte lalwa. Nouvo ofisye yo pral kòmanse yon pwogram fòmasyon sou teren pandan 10 semèn nan 8 avril kote yo pral resevwa fòmasyon sipèvize nan men ofisye siperyè yo, epi apre yo pral afekte nan aktivite patwouy yo.

Diplome annapre yo te resevwa rekonpans rekonesans espesyal:

- Ofisye Ryan Lee of Massapequa, NY, Prim Lidèchip
- Ofisye Benedict Reitzel nan Bay Shore, NY, Prim Reyisit Akademik
- Ofisye Benedict Reitzel nan Bay Shore, NY, Prim Kondisyonman Fizik
- Ofisye Bailey Faldetta nan Lagrangeville, NY, Prim Konpetans Itilizasyon Zamafe (Firearms Proficiency Award)

Non, vil natal ak afektasyon rejyonal diplome yo endike anba a:

<b>Non (Vil natal)</b>	<b><u>Distri/Zòn Afektasyon Apre Fòmasyon sou Teren</u></b>
Ofisye John O'Connor (Plainview)	Lwès/Niagara
Ofisye Nicolas Pacanowski (Lancaster)	Lwès/Niagara
Ofisye William Girzone (East Amherst)	Hudson Valley/Vil New York
Ofisye Keith Swartz (Fillmore)	Lwès/Allegany
Ofisye Tyler Erickson (Hamburg)	Lwès/Allegany
Ofisye Jarod Ruffle (Rochester)	Mid-State/Finger Lakes
Ofisye Lawrence Kroon (Van Hornesville)	Hudson Valley/Palisades
Ofisye Lauren Keenan (Glens Falls)	Hudson Valley/Palisades
Ofisye Kyle Ogden (Queensbury)	Hudson Valley/Palisades
Ofisye Kyle Foss (Monticello)	Hudson Valley/Palisades
Ofisye Johan Worum (Tomkins Cove)	Hudson Valley/Palisades
Ofisye Dimitrios Christodoulou (Mohegan Lake)	Hudson Valley/Palisades
Ofisye Bailey Faldetta (Lagrangeville)	Hudson Valley/Vil New York
Ofisye Racquel Casano (Garden City South)	Hudson Valley/Vil New York
Ofisye Brian Durcan (Nesconset)	Hudson Valley/Vil New York
Ofisye Ryan Lee (Massapequa)	Hudson Valley/Vil New York
Ofisye Brandon Musallam (West Hempstead)	Hudson Valley/Vil New York
Ofisye Michael Olsen (Patchogue)	Hudson Valley/Vil New York
Ofisye Michael Simmons (Merrick)	Hudson Valley/Vil New York
Ofisye Benedict Reitzel (Bay Shore)	Hudson Valley/Palisades

Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta New York la sipèvize plis pase 250 pak, sit istorik, santye rekreyatif, teren gòlf, anbakasyon bato ak plis ankò, ki te wè yon kantite rekò 84 milyon vizitè an 2023. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn lwazi sa yo, vizite [parks.ny.gov](https://parks.ny.gov), telechaje [aplikasyon NY State Parks Explorer](#) la gratis oswa rele nan 518.474.0456. Rejwenn nou pou selebre Santenè nou pandan tout ane 2024 la, epi konekte avèk nou sou [Facebook](#), [Instagram](#), [X](#) (anvan li te rele Twitter), ak [blòg OPRHP](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](https://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](https://ny.gov/signup) | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)